

**\*\*Endike yon kesyon ak repons yo fenk ajoute oswa revize**

## **Kesyon Moun Poze Souvan sou ERAP**

- **Avantaj ki Disponib yo ak Kiyès ki Kalifye**
- **Tretman Aplikasyon an**
- **Èd pou Lokatè yo ki pa Kalifye pou ERAP**
- **Konsiderasyon yo pou Mèt Kay/Mèt Pwopriyete a**
- **Pwoteksyon pou Lokatè yo**
- **Lòt**
- **Aksè nan Sistèm lan**

### **Avantaj ki Disponib yo ak Kiyès ki Kalifye**

#### **1. Kisa Pwogram Èd Ijans pou Peye Lwaye a ye ak ki èd li bay?**

Pwogram Èd Ijans pou peye Lwaye a (Emergency Rental Assistance Program, ERAP) se yon pwogram èd pou soulajman ekonomik yo elabore pou ede fwaye ki kalifye k ap viv nan kay prensipal yo nan Eta New York mande èd pou peye dèt lwaye ak frè sèvis piblik yo (kouran, gaz, elatriye) ke yo dwe ki te akimile pandan kriz COVID-19 la. Pwogram lan pral bay lokatè yo ki gen revni fèb ak modere anpil èd soulajman ekonomik epi li pral ede mèt kay yo jwenn lwaye yo dwe yo. Aplikan yo apwouve yo ka resevwa:

- Jiska 12 mwa **peman lwaye yo dwe** pou peye lwaye ki te akimile nan dat oswa apre 13 mas 2020.
- Jiska 3 mwa **èd anplis pou peye lwaye** yo ka itilize pou peye lwaye alavni si fwaye a depanse 30 pousan nan revni masyèl brit yo oswa plis pou yo peye lwaye ak si fwaye a aplike tou pou peman dèt lwaye yo dwe yo.
- Jiska 12 mwa **peman pou sèvis kouran oswa gaz yo dwe** pou lajan yo dwe ki te akimile nan dat oswa apre 13 mas 2020 si fwaye a aplike tou pou peman lwaye yo dwe yo.

Y ap peye mèt kay/mèt pwopriyete a ak konpayi sèvis piblik la (konpayi kouran oswa gaz la) lajan dirèktman onon lokatè a. Y ap enfòmè lokatè yo, mèt kay yo/manadjè pwopriyete yo ak konpayi sèvis piblik yo sou kantite lajan yo te peye onon yo. Si li difisil pou yo lokalize yon mèt kay oswa li pa bay enfòmasyon yo bezwen pou ranpli aplikasyon an nan yon lòt fason apre premye efò ki te fèt pou yo jwenn li yo, y ap kenbe lajan pou 180 jou pou kite ase tan pou yo eseye lokalize mèt kay la ak kolekte enfòmasyon nesèsè a, ansanm ak bay lokatè a pwoteksyon epi bay mèt kay yo plis chans pou yo patisipe.

#### **2. Èske mwen kalifye pou Pwogram Èd Ijans pou Peye Lwaye a (ERAP)?**

Lokatè yo nan Eta New York ka kalifye pou ERAP si tout sa ki annapre la yo aplike:

- Pou pwogram ERAP federal la finanse, fwaye ki gen revni brit ki egal oswa pi ba pase [80 pousan Revni Mwayen Zòn lan \(Area Median Income, AMI\)](#). Limit sou revni sa yo varye selon konte a ak kantite moun ki gen nan kay la. Yon fwaye ka kalifye baze sou swa revni mansyèl aktyèl li oswa revni ane kalandè 2020 an ki swa egal oswa pi ba pase 80 pousan AMI an.
- Apati 15 septanm 2021, fwaye ki gen revni brit ki egal oswa pi ba pase [120 pousan Revni Mwayen Zòn lan \(Area Median Income, AMI\)](#). Limit sou revni sa yo varye selon konte a ak kantite moun ki gen nan kay la. Yon fwaye ka kalifye baze sou swa revni aktyèl li oswa revni ane kalandriye 2020 an ki swa egal oswa pi ba pase 120 pousan AMI an. Fwaye yo ki gen revni ki depase 80% AMI yo elijib pou peman ERAP Eta a finanse osi lontan lajan yo rete disponib.
- Nan dat 13 mas 2020 oswa apre, yon manm nan fwaye a te resevwa alokasyon chomaj oswa salè yon manm nan fwaye a te redui, li te vin gen anpil depans oswa li te gen lòt difikilte finansyèl, dirèkteman oswa endirèkteman, akòz pandemi COVID-19 la.
- Aplikan an oblije peye lwaye a epi li dwe lwaye (lwaye ki pa peye atan) nan kay kote l ap viv la pou lwaye li te dwe nan dat 13 mas 2020 oswa apre.
- Fwaye a gen risk vin tonbe sanzanbri oswa nan enstabilite lojman, ke yo ka demontre pa mwayen lwaye yo dwe nan dat 13 mas 2020 oswa apre.

Pa gen okenn egzijans estati imigrasyon pou moun kalifye pou pwogram.

### **Remak Enpòtan Konsènan Tretman Aplikasyon Priyorite a**

Pou pwogram ERAP federal la finanse, pou aplikasyon nou resevwa pandan premye 30 jou pwogram lan, soti 1/6/21-30/6/21, y ap bay fwaye yo priyorite nan lòd ki annapre la a:

1. Fwaye ki gen revni ki egal oswa pi ba pase [50 pousan Revni Mwayen Zòn lan \(AMI\)](#) ki gen ladan l tou yon manm fwaye ki:
  - Nan chomaj aktyèlman la pandan omwen 90 jou; oswa
  - Se yon veteran; oswa
  - Ap sibi vyolans domestik oswa li se yon sivivan trafik moun; oswa
  - Gen yon pwosè pou mete l deyò nan kay kote l ap viv la ki annatant devan tribinal; oswa
  - Ap viv nan yon kay mobil; oswa
  - Viv nan yon kominote ke COVID-19 te afekte nan fason demezire; oswa
  - Viv nan yon bilding ki gen 20 inite oswa mwens.
2. Fwaye ki gen revni ki egal oswa pi ba pase [50 pousan AMI an](#).
3. Fwaye ki gen revni ki egal oswa pi ba pase [80 pousan AMI an](#) ki gen ladan l tou yon manm fwaye ki:
  - Nan chomaj aktyèlman la pandan omwen 90 jou; oswa

- Se yon veteran; oswa
- Ap sibi vyolans domestik oswa li se yon sivivan trafik moun; oswa
- Gen yon pwochè pou mete l deyò nan kay kote l ap viv la ki annatant devan tribinal; oswa
- Ap viv nan yon kay mobil; oswa
- Viv nan yon kominote ke COVID-19 te afekte nan fason demezire; oswa
- Viv nan yon bilding ki gen 20 inite oswa mwens.

4. Fwaye ki gen revni ki egal oswa pi ba pase [80 pousan AMI an](#).

Aprè 30/6/21 (premye 30 jou yo), y ap trete aplikasyon pou tout fwaye ki elijib yo sou baz premye vini, premye sèvi, toutotan lajan an rete disponib.

Apati 15 septanm 2021, fwaye yo ki gen revni jiska [120% AMI](#) ka aplike pou pwogram la osi lontan lajan Eta a rete disponib.

- Aplikasyon pou fwaye ki gen revni jiska [100% AMI](#) pral trete sou baz premye vini, premye sèvi jiska 29 oktòb 2021. Aplikasyon pou fwaye ki gen revni jiska [120% AMI](#) pral trete sou baz premye vini, premye sèvi apati 30 oktòb 2021.

### **3. Mwen se yon mèt kay epi lokatè mwen an te rete sou pwopriyete ki lwe a oswa li pa vle aplike pou ERAP. Èske mwen elijib pou asistans?\***

Wi. Lwa nan Eta a ki te resamman adopte kreye yon nouvo pwogram pou bay asistans lwaye pou mèt kay yo kote lokatè yo te kite pwopriyete ki lwe a oswa ki pa vle aplike pou ERAP. Detay anplis konsènan pwogram sa a, sa gen ladan dat ouvèti ak egzijans dokimantasyon yo ap afiche sou sitwèb ODTA a byento.

### **4. Ki kèk egzanp difikilte finansyè moun viv akòz pandemi COVID-19 la?**

Difikilte finansyè, dirèk oswa endirèk, moun viv akòz pandemi COVID-19 la ka gen ladan (men pa sèlman):

- **Revni fwaye yo redui: tankou**
  - Salè/lajan yo touche a redui
  - Kantite lè travay yo redui
  - Revokasyon nan travay
  - Chomaj pasyèl
  - Maladi oswa pa ka travay
  - Biznis fèmen
  - Ap resevwa alokasyon chomaj
- **Plis depans nan fwaye a, tankou:**
  - Nouvo oswa ogmantasyon depans swen sante

- Depans pou travay a distans akòz COVID-19
- Depans pou manje, medikaman, gadri timoun, transpò akòz COVID-19
- Amann, frè ak/oswa depans legal ki lye ak lajan lwaye oswa sèvis piblik ou dwe
- Pran swen yon moun ki gen COVID-19 lakay li
- Depans aprantisaj a distans akòz COVID-19
- Acha Ekipman pou Pwoteksyon Pèsonèl (Protective Personal Equipment, PPE)
- Lajan ou peye ak kat kredi oswa prè ou te pran pou evite vin sanzabri
- Aranjman transpò altènatif akòz limit transpò COVID te lakoz
- Depans pou antèman

**5. Èske mwen bezwen gen yon estati imigrasyon legal (gen papye) pou m kalifye pou m resevwa èd pou peye lwaye a?**

Non. Moun pa bezwen gen estati imigrasyon legal (yo pa bezwen gen papye) pou yo kalifye pou pwogram lan.

**6. Kòman fwaye yo ki kalifye pou ERAP la pral resevwa èd sekou pou peye sèvis piblik yo?**

Pou fwaye ke yo detèmine ki kalifye pou ERAP la ki dwe frè gaz ak/oswa kouran tou, gen kèk fason fwaye yo ka resevwa èd pou peye frè sèvis piblik sa yo dwe yo:

- Premyèman, Pwogram Èd pou Enèji nan Kay la (Home Energy Assistance Program, HEAP) ap finanse fon pou peye konpayi sèvis piblik la dèt frè sèvis piblik yo dwe yo, pou moun yo ki kalifye pou HEAP ([gade enfòmasyon sou kalifikasyon pou HEAP la](#));
- Si fwaye yo pa kalifye pou HEAP, y ap evalye kalifikasyon pou youn nan de opsyon ki annapre la yo baze sou kalite konpayi sèvis piblik ke fwaye a itilize:
  - Konpayi sèvis piblik la anile dèt frè sèvis piblik yo dwe yo; oswa
  - ERAP ap finanse fon pou peye konpayi sèvis piblik la dèt frè sèvis piblik yo dwe yo.

**7. Èske mwen kapab aplike pou èd pou peye dèt sèvis piblik mwen dwe yo sèlman?**

Non. Yon moun dwe aplike epi yo dwe detèmine ke li kalifye pou èd ERAP pou peye dèt lwaye li dwe yo pou li ka resevwa èd pou peye dèt sèvis piblik li dwe yo pa mwayen ERAP. Rezidan Eta New York yo ki p ap viv nan Vil New York ki pa bezwen èd pou peye dèt lwaye yo epi ki sèlman bezwen èd pou peye frè sèvis piblik yo ta dwe aplike pou Pwogram Èd pou Enèji nan Kay la (HEAP) [www.myBenefits.ny.gov](http://www.myBenefits.ny.gov). Moun k ap viv nan Vil New York yo ka telechaje yon aplikasyon sou paj wèb [Administrasyon Resous Zimèn \(Human Resources Administration\) NYC HEAP la](#).

**8. Èske bòdwo pou dlo oswa bòdwo entènèt yo kalifye pou ERAP?**

Non, yo peye sèlman dèt frè gaz ak/oswa kouran yo dwe yo pou fwaye ke yo detèmine ki kalifye pou èd pou peye dèt lwaye yo dapre ERAP.

### 9. Kijan y ap fè pou frè sèvis piblik yo ki konte nan lwaye a?

Si frè sèvis piblik yo konte nan frè lwaye yon fwaye peye lemwa epi yon fwaye pa resevwa yon bòdwo apa pou gaz oswa kouran, y ap konte depans sèvis piblik la nan dèt lwaye yo dwe yo oswa peman lwaye alavni yo.

### 10. Si sèvis gaz ak/oswa kouran mwen soumezire epi yo faktire bòdwo a nan relve lwaye mwen resevwa nan men mèt kay la, konpayi jesyon bilding lan oswa yon konpayi tyès pati ki sou kontra pou jere bòdwo yo pou kay mwen lwe a, kòman mwen ka konte frè sèvis piblik ki pa peye yo nan aplikasyon ERAP mwen an? \*\*

Frè gaz ak/oswa kouran soumezire ki pa peye yo ta dwe konte kòm dèt lwaye epi y ap peye mèt kay ou a, konpayi jesyon bilding ou an oswa konpayi tyès pati ki sou kontra pou jere bòdwo pou kay ou lwe a dirèkteman.

### 11. Èske dèt frè kouran yo ke lokatè k ap viv nan apatman soumezire yo dwe yo kalifye pou ERAP?

Wi, avèk dokiman prèv akseptab.

### 12. Pou ki peryòd tan yo konte revni fwaye m pou detèmine si mwen kalifye pou èd ERAP la? \*\*

Lokatè k ap aplike yo ka chwazi soumèt dokiman ki endike revni mansyèl aktyèl yo oswa revni anyèl yo pou ane kalandè 2020 an.

- **Revni Mansyèl Aktyèl** lè yo bay dokiman ki montre revni yo pou mwa avan an alèd dokiman tankou talon peman salè, verifikasyon depo nan kont labank, lèt alokasyon asirans chomaj, lèt atribisyon Sekirite Sosyal, lòt.

### OSWA

- **Revni Anyèl pou Ane 2020** dokiman ki montre revni anyèl pou ane 2020 an alèd dokiman tankou yon kopi deklarasyon taks sou revni ki ranpli tankou yon fòmilè taks 1040, 1040EZ, 1099, oswa lòt prèv revni anyèl pou ane 2020 an.

Yo otorize moun fè yon otodeklarasyon revni, pa mwayen yon deklarasyon ekri ki siyen, nan kèk sikonstans kote pa gen dokiman ki disponib, tankou nan kèk kalite travay endepandan.

### 13. Ki revni yo konte lè y ap detèmine revni fwaye m lan pou ERAP?

Yo konte revni tout adilt ki nan fwaye a ki gen 18 lane oswa plis eksepte revni elèv aplentan ki kalifye pou yo reklame yo kòm depandan dapre règleman IRS yo.

Yo konte revni brit la, olye de revni aktyèl moun lan touche. Revni brit la gen ladan revni avan yo retire tout dediksyon yo, tankou taks yo.

Revni yo konte a gen ladan peman alè, salè, poubwa, alokasyon asirans chomaj, avantaj Sekirite Sosyal, avantaj retrèt, pansyon alimantè pou timoun, kado peryodik yo ak lòt revni.

Sa ki annapre la yo **Pa** konte kòm revni: peman pou swen nan fanmi dakèy yo, Èd Piblik, avantaj Pwogram Èd Nitrisyon Sipleman (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP), avantaj Pwogram Èd pou Enèji nan Kay (Home Energy Assistance Program, HEAP), kado detanzantan, pwovizyon yon moun ki p ap viv nan kay la fè, kredi pou taks sou revni yo touche ak vèsman peman relans Federal yo.

Yo dwe dokimante revni alèd talon peman salè yo, lèt anplwayè yo, oswa lòt dokiman.

**14. Si mwen pa gen okenn revni nan moman m ap aplike pou ERAP la, èske m kalifye pou pwogram lan?**

Wi, ou ka kalifye depi w satisfè lòt egzijans yo pou moun kalifye pou pwogram lan tou.

**15. Kòman mwen ka dokimante ke m pa gen okenn revni?**

Yon otodeklarasyon akseptab nan sikonstans kote pa gen okenn fòm dokiman prèv ki disponib.

**16. Èske mwen dwe ranbouse èd yo ban m nan ERAP la?**

Non, fwaye ki kalifye yo pa oblije ranbouse peman lwaye yo, èd pou peye dèt lwaye oswa dèt sèvis piblik yo ba yo nan ERAP. Sèl lè yo ta ka mande pou moun ranbouse lajan se si yo ta detèmine ke aplikasyon yo te soumèt la te gen fwòd epi yo pa te dwe apwouve aplikasyon an.

**17. Èske m ka aplike pou lòt èd pou peye lwaye pandan y ap ede m ak ERAP?**

Wi, ou ka aplike pou lòt èd pou peye lwaye, men si yo ba w èd nan ERAP, ou dwe rapòte enfòmasyon sou nenpòt lòt èd ou te aplike pou yo, oswa ou te resevwa, bay ERAP pou ou pa resevwa peman doub. Fwaye yo ki resevwa yon peman nan lòt pwogram èd pou peye lwaye yo p ap kalifye pou yo resevwa èd ERAP pou peye pou menm dèt lwaye yo te dwe yo.

**18. Ki diferans ki genyen ant ERAP ak Pwogram Sekou Finansye pou Peye Lwaye nan kad COVID la ki sou jesyon Divizyon Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la (NYS HCR)?**

Pwogram Sekou Finansye pou Peye Lwaye nan kad COVID la te bay yon sibvansyon lwaye yon sèl fwa pou redui fado lwaye pou yon fwaye pandan jiska kat mwa an 2020. Pwogram lan pa te nesèsman peye pou tout dèt lwaye yo te dwe a men li te bay soulajman an tèm lwaye pou lokatè yo ak mèt kay yo.

ERAP pral peye, pou pifò fwaye ki kalifye yo, tout lajan lwaye yo dwe pou jiska 12 mwa soti 13 mas 2020. Fwaye yo ki te patisipe nan Pwogram Sekou Finansye pou Peye Lwaye nan kad COVID la ka kalifye pou èd anplis pa mwayen ERAP.

**19. Si mwen te resevwa èd nan Pwogram Sekou Finansye pou Peye Lwaye nan kad COVID ki te la avan an, èske m kalifye pou èd nan ERAP?**

Wi. Fwaye yo ki te patisipe nan Pwogram Sekou Finansye pou Peye Lwaye nan kad COVID la men ki toujou dwe lwaye yo poko peye ka kalifye pou èd anplis nan ERAP epi yo ankouraje yo aplike.

**20. Èske m kalifye pou m resevwa èd ERAP pou peye lwaye si mwen gen yon kitans Chwa Lojman Seksyon 8 oswa si m abite nan lojman piblik?**

Nenpòt fwaye ke lwaye yo limite a yon pousantaj nan revni fwaye a ka aplike pou èd, **men yo p ap evalye aplikasyon yo pou wè si yo kalifye jiskaske yo fin konsidere tout lòt aplikasyon yo.** Kalite lojman ki afekte yo gen ladan lokatè k ap resevwa yon kitans Chwa Lojman Seksyon 8, yon kitans lojman ki baze nan yon pwojè Seksyon 8 oswa sila yo k ap viv nan lojman piblik yo oswa lòt sitiyasyon lojman yo kote lwaye a pa ka plis pase 30 pousan revni yo.

Si yon lokatè ki nan sitiyoasyon sa yo te pèdi revni, fwaye a ta dwe mande pou yo fè yon ajisteman nan egzijans peman lwaye li. Fwaye yo ka kontakte ajans lojman piblik yo a pou mande yo fè yon resètifikasyon pwovizwa.

### **21. Ki kalite pwopriyete lokatif ki kalifye pou èd?**

Kalite pwopriyete lokatif rezidansyèl yo ki annapre la disponib pou èd ERAP:

- Apatman;
- Diplèks;
- Kay inifamilyal ki pa kole ak lòt kay/Kay;
- Kay jimele/Kay an ranje;
- Kay yon sèl chanm; oswa
- Lwaye kay prefabrike oswa lwaye tèren pou met kay prefabrike a

### **22. Èske ERAP ap ede m peye peman ipotèk m dwe yo?**

Non. ERAP ap sèlman disponib pou peye dèt lwaye yo dwe yo.

### **23. Èske elèv inivèsite yo ka kalifye pou èd pou peye lwaye ou pa mwayen ERAP?**

Yon moun, ki se yon elèv inivèsite ap lantan kalifye pou pwogram sa a **sèlman si** paran yo oswa responsab legal yo pa reklame moun lan ki nan fwaye a kòm yon depandan dapre règ IRS yo.

Yo ka konte yon elèv inivèsite nan fwaye paran oswa responsab legal li si se nan lekòl la l ap viv.

### **24. Èske mèt kay mwen lwe a ka aplike pou ERAP pou mwen?**

Mèt kay ou lwe a ka kòmanse aplikasyon ERAP la, men ni mèt kay la ni lokatè a, toude dwe ranpli sèten pati presi nan aplikasyon an. Si mèt kay ou lwe a kòmanse aplikasyon an, ou pral resevwa yon imèl oswa yon mesaj tèks pou mande w ranpli pati ki obligatwa pou lokatè a.

Mèt kay ou lwe a ka ede w ranpli kèk pati nan aplikasyon an, tankou konbyen aryere lwaye ou dwe.

Lokatè yo dwe bay sèten enfòmasyon ki presi pou lokatè a, tankou enfòmasyon sou revni, epi li dwe siyen aplikasyon an k ap endike akò ak sèten enfòmasyon ki gen nan aplikasyon an.

### **25. Ki dokiman m ap bezwen soumèt pou m pwouve ke m kalifye pou ERAP? \*\***

- **Idantifikasyon Pèsonèl** pou aplikan prensipal la (moun k ap siyen aplikasyon an). Fòm idantifikasyon akseptab yo gen ladan, men pa sèlman: yon ID ki gen foto, lisans chofè, ID konsilè, paspò, Kat Atribisyon EBT/Avantaj, sètifika nesans oswa batèm, enskripsyon lekòl, oswa lòt ID gouvènman bay.
- **Prèv konbyen lwaye a ye** – kontra lwaye ki siyen, menm si l ekspire. Si pa gen kontra lwaye disponib ebyen dokiman yo ka aksepte yo gen ladan yon resi peman lwaye, chèk oswa manda postal ki anile. Si pa gen dokiman ki disponib, y ap aksepte deklarasyon mèt kay la bay.

- **Prèw adrès ak okipasyon** – Kontra lwaye ki siyen, resi peman lwaye, bòdwo sèvis piblik, dosye lekòl, relve kont labank, kourye postal ki gen non moun k ap aplike a, bòdwo asirans, lisans chofè. Prèw la ta dwe ajou.
- **Prèw revni pou dikimante kalifikasyon revni:**
  - **Dokiman yo ki montre revni pa mwa aktyèl** pou mwa avan, tankou talon peman salè, verifikasyon depo nan kont labank, lèt alokasyon asirans chomaj, oswa lòt prèw;

## OSWA

- **Dokiman yo ki montre revni anyèl pou ane 2020 an**, tankou yon kopi deklarasyon taks sou revni ki ranpli tankou yon fòmilè taks 1040, 1040EZ, 1099, yon deklarasyon anyèl revni yo, oswa lòt prèw revni anyèl pou ane 2020 an.
- Yo otorize moun fè yon otodeklarasyon revni pa mwayen yon deklarasyon revni ekri ki siyen, nan kèk sikonstans kote pa gen dokiman prèw ki disponib, tankou nan kèk kalite travay endepandan.
- **Kopi bòdwo sèvis gaz oswa kouran oswa lòt prèw ki montre dèt kliyan an dwe konpayi sèvis piblik la**, si l ap aplike pou èd pou peye pou dèt sèvis piblik li dwe nan menm inite kote li dwe lwaye a.

Y ap mande aplikan yo pou yo konfime ke nan dat 13 mas 2020 oswa apre, yon manm nan fwaye a te resevwa alokasyon chomaj **oswa** salè yon manm nan fwaye a te redui, li te vin gen anpil depans oswa li te gen lòt difikilte finansyè, dirèkteman oswa endirèkteman, akòz pandemi COVID-19 la. Aplikan an pral bezwen siyen fòmilè aplikasyon an ak sètifikasyon ki lye avèk li yo pou l dakò ke enfòmasyon li bay nan aplikasyon an kòrèk.

Mèt kay yo dwe bay enfòmasyon sou kantite lajan lwaye yo dwe yo ak kantite lajan lokatè a rete pou l peye. Mèt kay yo dwe bay tou enfòmasyon labank yo pou yo ka resevwa peman.

### **26. Si m pa gen yon kontra lwaye, men m se yon lokatè ki peye de mwa an mwa, èske m toujou kalifye pou m resevwa èd ERAP?**

Fwaye yo ki pa gen yon kontra lwaye pral oblije bay lòt prèw ki montre obligasyon lwaye yo, tankou deklarasyon yon mèt kay, chèk ki te anile oswa prèw peman elektwonik. Yo pral mande mèt kay yo pou yo bay kontra lwaye ki pi resan an ak lòt prèw ki montre ke moun lan se yon lokatè.

### **27. Èske tout lwaye yo toupatou nan Eta NY kalifye pou èd ERAP?**

Sèt kominote yo ki te resevwa finansman pou asistans ijans pou lwaye ki sòti dirèkteman nan gouvènman federal la te chwazi administre pwòp pwogram yo. Rezidan yo ki gen revni jiska 80% AMI k ap viv nan nenpòt kominote anba yo ta dwe aplike pou asistans dirèkteman nan kominote yo a:

- [Vil Rochester ak Konte Monroe](#)
- [Vil Hempstead](#)
- [Vil Oyster Bay](#)



- [Vil Islip](#)
- [Vil Onondaga](#)
- [Vil Yonkers](#)

Rezidan kominote sa yo ka elijib pou asistans ki soti nan Pwogram Ijans Asistans pou Lwaye yo eta a administre si kominote lokal yo depanse tout lajan yo.

Rezidan kominote sa yo **ka aplike** pou pwogram Eta a finanse ki sèvi fwaye ki gen revni ant 80 ak 120% AMI.

**28. Si m ap viv nan youn nan 7 kominote k ap jere pwòp pwogram pa yo, men kominote sa a pa gen lajan ankò, èske m ap kalifye pou ERAP pa mwayen pwogram Eta New York la?**

Wi, rezidan kominote sa yo ka elijib pou ERAP Eta a administre si kominote yo depanse tout lajan yo. Sepandan, moun ki soti nan kominote sa yo ankouraje aplike pou pwogram asistans lwaye ijans ki anba jesyon kominote yo a.

**29. Èske fwaye yo dwe genyen yon moun ki te malad ak COVID-19 pou yo ka kalifye pou ERAP?**

Non. Enpak la ka swa dirèkteman oswa endirèkteman lye a pandemi COVID-19 la. Revni fwaye yo te ka redui, yo te ka vin gen anpil depans, oswa yo te gen lòt difikilte finansyè akòz pandemi an.

**30. Èske lokatè k ap viv nan bilding ki gen plis pase 20 inite yo kalifye pou ERAP?**

Wi. Yon lokatè k ap viv nan yon bilding ki gen plis pase 20 inite kalifye pou ERAP. Gade nan [Kesyon #2 a anba "Avantaj ki Disponib yo ak Kiyès ki Kalifye"](#) pou w jwenn plis enfòmasyon konsènan fason yo tabli priyorite.

**31. Èske moun ki soulwe yo kalifye pou yo aplike pou ERAP?**

Wi. Moun ki soulwe yo kalifye pou yo aplike pou ERAP sipozan ke yo satisfè lòt egzijans kalifikasyon yo dekri nan [Kesyon #2](#) anwo a. Sepandan, moun yo dwe gen dèt aryere yo pou mèt kay la pou yo kalifye pou ERAP.

**32. Mwen pataje yon apatman ak yon kolokatè. Kolokatè mwen an te an mezi peyi pòsyon lwaye pa li a depi 13 mas 2020, men mwen pa te an mezi peye tout lwaye pa mwen an. Èske mwen kalifye pou ERAP? \*\***

Wi, si pòsyon lwaye ou a potko peye epi ou satisfè egzijans kalifikasyon yo pou ERAP. Ou dwe kapab dokimante obligasyon lwaye ou genyen an. Dokiman obligasyon lwaye a ka gen ladan yon istwa ki demontre ke w te peye lwaye sou fòm chèk ki anile oswa relve labank, oswa lòt dokiman. Y ap peye mèt kay la oswa mèt pwopiyete a nenpòt dèt lwaye ou dwe yo dirèkteman.

**33. Si mwen pataje yon apatman ak yon kolokatè epi mwen pa youn nan moun ki te siyen kontra lwaye a, epi mwen peye kolokatè mwen an pati pa m lan nan lwaye a, èske mwen kalifye pou ERAP? \*\***

Si ou ka dokimante yon istwa kantite lajan lwaye ou te peye, ou ka kalifye pou ERAP. Nan ka sa a, y ap bay mèt kay ou lwe a èd ERAP la. Y ap bay èd ERAP sèlman si yo dwe mèt kay ou lwe a lajan. Si kolokatè ou a te peye mèt kay ou lwe a epi nou pa dwe okenn lwaye, ou p ap kalifye pou èd ERAP.

**34. Mwen pataje yon apatman ak twa kolokatè, men se sèl mwen menm ki pa te an mezi peye pati lwaye pa m lan. Èske revni twa kolokatè mwen yo konte nan kalifikasyon m lè y ap detèmine si m kalifye pou ERAP? \*\***

Si ou ka dokimante kantite lajan lwaye ou dwe peye chak mwa, ebyen se sèlman revni w k ap konte lè y ap detèmine si w kalifye pou ERAP. Ou pa bezwen konte revni kolokatè ou yo nan aplikasyon w lan. Y ap peye mèt kay la oswa mèt pwopriyete a nenpòt dèt lwaye ou dwe yo dirèkteman.

**35. Mwen pataje yon apatman ak yon zanmi. Mwen pa te an mezi peye pou lwaye m chak mwa, ebyen zanmi m lan te peye mèt kay la pou mwen. Èske mwen kalifye pou èd ERAP pou ranbouse zanmi m lan lajan li an? \*\***

Non, piske zanmi w lan te peye lwaye a, nou pa dwe mèt kay la okenn dèt lwaye ankò.

**36. Mwen soulwe apatman m lan epi moun mwen soulwe ba li a pa te peye m lwaye li dwe a. Èske moun mwen soulwe ba li a kalifye pou èd ERAP pou l peye m pou lwaye li dwe m lan? \*\***

Si yo potko peye mèt apatman/mèt kay la, rezidan k ap viv ladan aktyèlman la ka aplike pou èd ERAP. Aplikan an pral oblije montre prèv li gen yon obligasyon lwaye ki ka gen ladan yon kontra soulwe ki te siyen avan oswa ki te demontre ke l te peye lwaye sou fòm chèk ki te anile oswa relve labank. Si l kalifye, se mèt pwopriyete a y ap peye lajan ERAP la.

Si w te deja peye mèt pwopriyete a, lokatè aktyèl la p ap kalifye pou ERAP.

**37. Si mwen pataje yon apatman ak yon kolokatè epi mwen resevwa èd nan ERAP, èske mèt kay la oswa mèt pwopriyete a ka mete m deyò? \*\***

Si w pataje yon apatman ak yon kolokatè epi ou peye mèt kay la oswa mèt pwopriyete a pòsyon lwaye pa w la dirèkteman, mèt kay la oswa mèt pwopriyete a dwe dakò a modalite ki annapre la yo kòm kondisyon ke l ap aksepte yon peman pou peye dèt lwaye yo:

- Peman ERAP la satisfè pòsyon lwaye ou responsab pou w peye a pou peryòd tan peman kouvri a.
- Pou l renonse a tout frè reta sou tout dèt lwaye ke peman ERAP la kouvri yo.
- Pou l pa ogmante kantite lajan lwaye a koute chak mwa plis pase kantite lajan yo dwe nan moman yo te ranpli aplikasyon pou èd ERAP la pou mwa ke yo te resevwa èd pou peye lwaye a ak pou ennan apati dat yo te resevwa peman ERAP la.
- Pou l pa mete moun yo te peye lajan ERAP la pou li a deyò akòz kontra lwaye a te ekspire oswa kite l kenbe lwaye a pandan ennan apati dat yo te resevwa peman ERAP la. Yo dwe fè yon eksepsyon pou egzijans sa a si bilding lan genyen kat inite oswa mwens epi mèt pwopriyete a oswa fanmi pwòch mèt pwopriyete a gen entasyon vin viv nan inite a touswit pou yo itilize l kòm yon kay prensipal.

**38. Èske lokatè yo ki lwe yon sèl chanm kalifye pou ERAP?**

Wi. Yo ka kalifye depi yo satisfè tout lòt egzijans yo pou moun kalifye pou pwogram lan tou.

**39. Èske yon fanmi sanzabri k ap viv nan yon refij ka jwenn finansman ERAP pou yon nouvo apatman?**

Non. Pou yo elijib, yon fwaye dwe demontre ke yo gen yon obligasyon lwaye ki egziste deja pou kay prensipal aktyèl y ap viv nan Eta New York kote yo dwe dèt lwaye a.

**40. Kòman sivivan vyolans domestik yo satisfè fado prèv pou pwosesis priyorite aplikasyon an?**

Yo aksepte otodeklarasyon kòm prèv.

**41. Èske lokatè yo anplwaye nan fason ki "pa ofisyèl" yo kalifye pou yo aplike pou ERAP?**

Wi. Nan sikonstans kote dokiman pou pwouve revni an pa disponib, y ap aksepte yon otodeklarasyon revni pa mwayen yon deklarasyon revni ekri ki siyen kòm prèv revni/pèt revni.

**42. Si mwen te dwe lwaye avan pandemi an tou, èske mwen ka toujou resevwa èd ERAP pou mas 2020 - ak apre?**

Wi. Ou ka toujou aplike pou dèt lwaye yo ki te akimile apre 13 mas 2020.

**43. Lè m fin aplike pou tout 12 mwa paman dèt lwaye yo plis 3 mwa anplis pou èd pou peye lwaye alavni, èske m ap kalifye pou m aplike ankò?**

Non. Èd la limite a 15 mwa omaksimòm – 12 mwa dèt lwaye ak 3 mwa lwaye anplis alavni.

**44. Èske mèt kay mobil yo ki dwe dèt lwaye pou tèren yo kalifye pou ERAP?**

Wi. Yo ka peye dèt lwaye pou tèren yo pa mwayen ERAP.

**45. Èske aksyonè ki nan kowoperativ revni fèb yo kalifye pou ERAP? \*\***

Non. Aksyonè ki nan kowoperativ revni fèb yo pa kalifye pou ERAP pou peye frè kowoperativ/antretyen mansyèl yo.

## **Tretman Aplikasyon an**

**1. Èske èd y ap bay nan ERAP la ap sou yon baz premye vini, premye sèvi?**

Pou premye 30 jou pwogram lan, soti 1/6/21-30/6/21, y ap bay fwaye yo priyorite nan lòd ki annapre la:

1. Fwaye ki gen revni ki egal oswa pi ba pase [50 pousan Revni Mwayen Zòn lan \(AMI\)](#) ki gen ladan l tou yon manm fwaye ki:
  - o Nan chomaj aktyèlman la pandan omwen 90 jou; oswa
  - o Se yon veteran; oswa
  - o Ap sibi vyolans domestik oswa li se yon sivivan trafik moun; oswa
  - o Gen yon pwosè pou mete l deyò nan kay kote l ap viv la ki annatant devan tribinal; oswa
  - o Ap viv nan yon kay mobil; oswa

- Viv nan yon kominote ke COVID-19 te afekte nan fason demezire; oswa
  - Viv nan yon bilding ki gen 20 inite oswa mwens.
2. Fwaye ki gen revni ki egal oswa pi ba pase [50 pousan AMI an](#).
  3. Fwaye ki gen revni ki egal oswa pi ba pase [80 pousan AMI an](#) ki gen ladan l tou yon manm fwaye ki:
    - Nan chomaj aktyèlman la pandan omwen 90 jou; oswa
    - Se yon veteran; oswa
    - Ap sibi vyolans domestik oswa li se yon sivivan trafik moun; oswa
    - Gen yon pwosè pou mete l deyò nan kay kote l ap viv la ki annatant devan tribinal; oswa
    - Ap viv nan yon kay mobil; oswa
    - Viv nan yon kominote ke COVID-19 te afekte nan fason demezire; oswa
    - Viv nan yon bilding ki gen 20 inite oswa mwens.
  4. Fwaye ki gen revni ki egal oswa pi ba pase [80 pousan AMI an](#).

Aprè 30/6/21 (premye 30 jou yo), y ap trete aplikasyon pou tout fwaye ki kalifye yo sou baz premye vini, premye sèvi, toutotan rete lajan ki disponib.

## **2. Kòman yo detèmine "zòn kote COVID-19 te afekte nan fason demezire" yo?**

Yo detèmine zòn kote COVID-19 te afekte nan fason demezire yo baze sou to enfeksyon COVID-19 oswa to reklamasyon Alokasyon Asirans Chomaj yo ki genyen nan yon kominote.

## **3. Èske lokatè ki pa priyorite yo ka aplike pandan premye 30 jou yo, oswa èske yo bezwen ret tann?**

Nenpòt fwaye ki gen revni ki pi ba pase 80% Revni Mwayen Zòn lan ki dwe dèt lwaye kalifye pou l aplike nan lespas premye 30 jou yo.

## **4. Si yon lokatè abite nan yon bilding ki gen 20 inite oswa mwens, men mèt pwopriyete a posede plizyè bilding ki gen plis pase 20 inite, èske aplikan sa a kalifye pou priyorite?**

Wi. Kategori priyorizasyon 20 inite a baze sou bilding kote fwaye a abite a.

## **5. Kòman m ka ede asire yo trete aplikasyon m lan yon fason efikas?**

Lè lokatè a ak mèt kay la bay yon aplikasyon ki konplè ak tout dokiman prèv obligatwa yo, sa ap fè yo trete aplikasyon an pi rapid. Gade [lis verifikasyon lokatè a](#) ak [lis verifikasyon mèt kay la](#).

Pou yo ka konsidere aplikasyon w lan konplè, ou dwe ranpli tout chan ki obligatwa yo nan aplikasyon an.

## **6. Si yon mèt kay pa reponn, èske yo ka bay lokatè a lajan lwaye a?**

Non. Yo dwe itilize peman y ap bay nan ERAP yo pou peye mèt kay yo pou lwaye lokatè ki kalifye yo dwe yo.

Administratè pwogram yo pral kontakte mèt kay yo pou enfòmasyon yo ke yo bezwen enfòmasyon anplis baze sou imèl oswa lòt enfòmasyon kontak lokatè a te bay la.

Si yo detèmine ke lokatè a kalifye pou èd ERAP epi yo pa ka rive kontakte mèt kay la pou l bay enfòmasyon ki nesèsè pou yo ka peye lwaye a, Eta a pral kenbe lajan sa a onon lokatè a pandan omwen 180 jou. Lokatè a pral resevwa avi ekri ki enfòmasyon l gen èd disponib pou peye lwaye li. Lokatè yo ta dwe pataje notifikasyon sa a ak mèt kay la sa a epi, si l bezwen, li ka bay yon tribinal enfòmasyon sa a kòm yon defans nan tout pwosè mèt kay la ta entante ki vize jwenn lajan oswa mete lokatè a deyò akòz li pa peye lwaye ki te akimile pandan peryòd tan ki kouvri anba peman ERAP ki disponib lan.

### **7. Èske lokatè yo sipoze rasanble dokiman yo nan men mèt kay yo?**

Non. Mèt kay la pral resevwa yon envitasyon nan imel oswa mesaj tèks pou l ranpli pòsyon pa li a nan aplikasyon an. Si nou pa kapab jwenn mèt kay ou an, nou ka tounen kontakte lokatè a pou jwenn enfòmasyon kontak ki ajou.

### **8. Si mwen se yon lokatè, èske mèt kay mwen lwe a ka wè enfòmasyon pèsònèl mwen sou aplikasyon pou ERAP la, tankou revni mwen, san m pa ba l konsantman m?**

Non. Mèt kay la p ap ka wè enfòmasyon pèsònèl ki nan aplikasyon anliy ERAP la konsènan revni yon lokatè anliy.

Lokatè yo ak mèt kay yo ka travay ansanm pou yo ranpli yon aplikasyon epi lokatè yo ka chwazi bay mèt kay yo enfòmasyon pèsònèl yo pou ede yo soumèt yon aplikasyon yo te ranpli.

### **9. Si mwen se yon mèt kay, èske lokatè mwen lwe bay li a ka wè enfòmasyon pèsònèl mwen sou aplikasyon pou ERAP la, tankou kont labank mwen oswa enfòmasyon taks mwen?**

Non. Lokatè a p ap ka wè enfòmasyon pèsònèl ki nan aplikasyon anliy ERAP la ki gen ladan kont labank, enfòmasyon taks oswa lòt enfòmasyon pèsònèl yon mèt kay anliy.

### **10. Èske lokatè yo ak mèt kay yo soumèt yon sèl aplikasyon oswa plizyè aplikasyon apa?**

Lokatè yo ak mèt kay yo pral soumèt yon sèl aplikasyon; toutfwa, gen plizyè seksyon apa pou lokatè a ak pou mèt kay la ranpli pou kont yo.

### **11. Èske li obligatwa pou siyen aplikasyon alamen oswa ak siyati elektwonik (e-signature)?**

Aplikasyon ERAP la ap disponib anliy sèlman, kidonk y ap bezwen siyen li ak siyati elektwonik.

### **12. Èske ap gen yon pwosesis revizyon pou aplikasyon yo refize yo?**

Wi. Enfòmasyon konsènan pwosesis revizyon yo pral nan avi sou detèminasyon kalifikasyon ke fwaye a ap resevwa.

### **13. Apre m fin aplike pou ERAP, èske m ap resevwa mizajou yo konsènan estati aplikasyon mwen an?**

Aplikan an (yo) pral resevwa alèt pa mwayen kontak prefere yo te chwazi a.

**14. Si yo jije yon aplikasyon ke yo te soumèt pa konplè oswa li pa gen ase dokiman prè, èske OTDA ap bay aplikan an (yo) yon chans pou yo ajoute dokiman ki manke a pou yo ka rekonsidere aplikasyon an?**

Wi. Aplikan an (yo) ak/oswa pwokirasyon yo deziyen an pral resevwa alèt pa mwayen kontak prefere yo te chwazi a pou yo ka bay dokiman ki manke yo.

**15. Si yon moun ki soulwe ap aplike pou ERAP, kiyès k ap responsab pou ranpli pòsyon mèt kay la nan aplikasyon an? Moun ki soulwe ba li a oswa mèt/manadjè pwopriyete a?**

Se mèt pwopriyete a/manadjè pwopriyete a k ap responsab pou ranpli pòsyon mèt kay la nan aplikasyon an.

## **Èd pou Lokatè yo ki pa Kalifye pou ERAP**

**1. E si yo refize ban m ède pa mwayen ERAP? Kijan mwen ka jwenn èd?**

Fwaye yo ki pa kalifye pou ERAP ka chache èd nan:

- [Biwo Depatman Sèvis Sosyal \(Department of Social Services, DSS\) lokal yo a.](#)
- Liy Asistans United Way la, ki gen aksè a divès kalite sèvis lokal toupatou nan eta a. Ou ka jwenn yo nan telefòn lè w rele 211.
- Rezidan Vil New York yo ka jwenn enfòmasyon sou divès kalite sèvis lokal lè yo rele 311.

## **Konsiderasyon yo pou Mèt Kay/Mèt Pwopriyete a**

**1. Antanke yon mèt kay, èske m ka aplike onon lokatè mwen an?**

Mèt kay yo ka kòmanse pwosesis aplikasyon an epi yo ka bay enfòmasyon obligatwa yo bezwen nan men mèt kay yo anliy. Si mèt kay la kòmanse aplikasyon an, y ap voye yon avi bay lokatè a pou fè l konnen yo te kòmanse aplikasyon an epi y ap mande l nenpòt enfòmasyon obligatwa yo bezwen nan men lokatè a. Yon mèt kay pa ka ranpli tout aplikasyon an nèt onon yon lokatè; ominimòm, lokatè a dwe siyen ak konfime ke enfòmasyon ki nan aplikasyon an kòrèk.

**2. Ki dokiman yo atann yon mèt kay dwe bay?**

- **Fòmilè taks W-9** ki ranpli. Enfòmasyon sa yo dwe antre sou pòtay aplikasyon an. Yo pap aksepte kopi ki eskane.
- **Kontra Lwaye** ke lokatè k ap aplike a siyen, oswa si pa gen yon kontra lwaye ekri, yon chèk ki te anile, prè transfè lajan oswa lòt dokiman ki montre dènye peman lwaye konplè a.
- **Dokiman ki montre lwaye yo dwe a** nan men lokatè a (pa egzanp rejis, elatriye) oswa atestasyon ki nan aplikasyon an.
- **Enfòmasyon labank** pou yo ka resevwa peman pa mwayen depo dirèk.

Mèt pwopriyete a oswa konpayi jesyon pwopriyete ki otorize a pral bezwen siyen fòmilè aplikasyon an ak sètifikasyon ki akonpaye li yo kote l ap dakò ke enfòmasyon yo bay yo, ki gen ladan kantite dèt lwaye yo dwe a, kòrèk epi yo pa te resevwa peman doub nan yon lòt pwogram.

Yo pral enfòme mèt kay yo si yo bezwen nenpòt enfòmasyon anplis pou yo ka konplete youn nan aplikasyon lokatè yo a.

### **3. Kisa k ap pase si yon mèt kay pa rive oswa refize bay enfòmasyon oswa dokiman nesèsè yo bezwen an? \*\***

Kote yon mèt kay nan yon kominote k ap patisipe nan pwogram ERAP Eta a pa rive oswa refize bay enfòmasyon yo bezwen pou peye mèt kay la dèt lwaye yo dwe li onon yon lokatè apre yo fin fè anpil efò rezonab yo (ki gen ladan efò sansibilizasyon) jan lalwa Eta a preskri a, y ap kenbe lajan èd pou peye lwaye ke yo t ap peye mèt kay la pandan 180 jou (oswa pi lontan si gen bon rezon pou fè sa) pou mèt kay la ka soumèt enfòmasyon yo bezwen an. Si mèt kay la pa te bay enfòmasyon yo bezwen an apre 180 jou apati dat yo te detèmine ke lokatè a kalifye a, OTDA ka reyatribiye lajan yo te kenbe a pou sèvi lòt aplikan ERAP yo, epi lokatè a ka itilize detèminasyon kalifikasyon pwovizwa pou ERAP li a kòm yon defans afimativ pou nenpòt pwoosè ke mèt kay la ta entante pandan ane k ap vini an pou l jwenn lajan oswa yon òdonans tribinal pou mete lokatè a deyò okoz li pa peye lwaye ke peman yo t ap chache ba li a ta ka peye. Apre 12 mwa, y ap jije ke mèt kay la te renonse a lajan lwaye ke peman yo t ap chache ba li ta ka peye.

### **4. Èske gen nenpòt modalite ak kondisyon ke yon mèt kay dwe aksepte si l chwazi resevwa èd pou peye dèt lwaye yo dwe li pa mwayen ERAP?**

Wi. Objektif prensipal ERAP se anpeche yo mete rezidan yo deyò ak soutni estabilite lojman pou lokatè yo ki te sibi move efè konsekans ekonomik negativ COVID-19 la yo. Epitou, pwogram lan se yon fòm esansyèl sekou finansye ki nesèsè pou mèt kay yo ki te sibi move efè lefèt ke lokatè yo ki pa te an mezi peye obligasyon lwaye yo akoz konsekans ekonomik negativ COVID-19 la yo.

Mèt pwopriyete a oswa konpayi jesyon pwopriyete ki otorize a dwe dakò ak modalite ki annapre la yo kòm yon kondisyon pou yo ka aksepte peman pou peye dèt lwaye yo:

- Peman ERAP la satisfè tout obligasyon lwaye lokatè a responsab pou l peye pou peryòd tan peman kouvri a.
- Renonse a tout frè reta sou tout dèt lwaye ke peman ERAP la kouvri yo.
- Pa ogmante kantite lajan lwaye a koute chak mwa plis pase kantite lajan yo dwe nan moman yo te ranpli aplikasyon pou èd ERAP la pou mwa ke yo te resevwa èd pou peye lwaye a ak pou ennan apati dat yo te resevwa peman ERAP la.
- Pa mete moun nan fwaye yo te peye lajan ERAP la pou li a deyò akoz kontra lwaye a te ekspire oswa kite l kenbe lwaye a pandan ennan apati dat yo te resevwa peman ERAP la. Yo dwe fè yon eksepsyon pou egzijans sa a si bilding lan genyen kat inite oswa mwens epi mèt pwopriyete a oswa fanmi pwòch mèt pwopriyete a gen entasyon vin viv nan inite a touswit pou yo itilize l kòm yon kay prensipal.

### **5. Kisa k ap pase si yon mèt kay refize aksepte èd ERAP pou peye dèt lwaye yon lokatè dwe li? \*\***

Si mèt kay la refize aksepte yon peman ERAP pou dèt lwaye yon lokatè dwe li, lokatè a ka itilize detèminasyon kalifikasyon pwovizwa pou ERAP li a kòm yon defans afimativ pou nenpòt pwozè ke mèt kay la ta entante pandan ane k ap vini an pou l jwenn lajan oswa yon òdonans tribinal pou mete lokatè a deyò okoz li pa peye lwaye ke peman yo t ap chache ba li a ta ka peye. Apre 12 mwa apati dat detèminasyon kalifikasyon pwovizwa lokatè a, y ap jije ke mèt kay la te renonse a lajan lwaye ke peman yo t ap chache ba li ta ka peye.

**6. Si lokatè mwen an dwe m lwaye avan 13 mas 2020, oswa li pa peye lwaye apre peryòd tan peman ERAP la kouvri a, èske yo entèdi m mete lokatè mwen an deyò paske l pa peye lwaye nan ane apre mwen resevwa peman ERAP la? \*\***

No. Kòm yon kondisyon pou yon peman ERAP, yon mèt kay dakò pou peman ERAP la satisfè tout obligasyon lwaye lokatè a responsab pou l peye pou peryòd tan peman ERAP la kouvri a. Si yon lokatè dwe dèt lwaye depi avan pandemi COVID-19 la, oswa li pa peye lwaye alavni, yo p ap entèdi yon mèt kay kòmanse pwosesis pou mete l deyò lè nenpòt moratwa pou pa met lokatè deyò ki aplikab la ekspire.

**7. Èske yon mèt kay ka mete yon lokatè ki te sibi move efè konsekans negativ COVID-19 te lakoz yo deyò, si mèt kay la refize aksepte èd nan men ERAP pou peye dèt lwaye lokatè a dwe a? \*\***

Yon mèt kay pa ka mete yon lokatè deyò paske l pa peye lwaye pandan peryòd tan ke peman ERAP mèt kay la refize aksepte a t ap kouvri. Jan nou endike anwo a, lokatè a ka itilize detèminasyon kalifikasyon pwovizwa pou ERAP li a kòm yon defans afimativ pou nenpòt pwozè ke mèt kay la ta entante pandan ane k ap vini an pou l jwenn lajan oswa yon òdonans tribinal pou mete lokatè a deyò okoz li pa peye lwaye ke peman yo t ap chache ba li a ta ka peye. Apre 12 mwa, y ap jije ke mèt kay la te renonse a lajan lwaye ke peman sa yo t ap chache ba li a ta ka peye.

**8. Èske li obligatwa pou yo fè yon enspeksyon pou ERAP?**

Non

**9. Poukisa mèt kay yo oblije bay yon fòmilè taks W-9?**

Fòmilè taks W-9 la obligatwa pou yo ka resevwa peman ERAP yo.

## **Pwoteksyon pou Lokatè yo**

1. Si mwen aplike pou ERAP, èske mèt kay mwen lwe a ka mete m deyò paske kontra lwaye m te ekspire, oswa paske mwen pa te kapab peye lwaye m pandan pandemi COVID-19 la? \*\*
2. Èske menm restriksyon kont ekspilsyon an aplike si m ap viv nan youn nan sèt kominote yo k ap jere pwòp pwogram asistans lwaye ijans li? \*\*
3. [Mwen te aplike pou ERAP men mèt kay mwen lwe a refize aksepte li. Èske yo ka mete m deyò pandan aplikasyon m lan rete annatant? \\*\\*](#)
4. [Si mèt kay mwen lwe a refize bay enfòmasyon yo bezwen pou ranpli aplikasyon an oswa li refize aksepte lajan ERAP bay la, èske m toujou gen dwa pou m jwenn pwoteksyon yo? \\*\\*](#)



## 5. [Èske y ap bay ICE oswa otorite imigrasyon yo enfòmasyon m?](#)

### 1. Si mwen aplike pou ERAP, èske mèt kay mwen lwe a ka mete m deyò paske kontra lwaye m te ekspire, oswa paske mwen pa te kapab peye lwaye m pandan pandemi COVID-19 la? \*\*

Menm si ou pa te aplike pou ERAP, yo ka entèdi mèt kay ou lwe a mete w deyò dapre Lwa Ijans 2020 an pou Anpeche Mete Lokatè Deyò ak Sezi Ipotekè Akoz COVID-19 (COVID-19 Emergency Eviction and Foreclosure Prevention Act, CEEFPA). CEEFPA entèdi mèt kay yo kòmanse nouvo pwosè pou mete lokatè deyò paske yo pa peye lwaye yo, lè lokatè sa yo te sibi difikilte finansyè ki gen rapò ak COVID yo epi akoz de sa yo te vin pa kapab peye lwaye yo. Gouvènè Kathy Hochul pwolonje CEEFPA jiska 15 janvyè 2022. Sa vle di ke si w pa te kapab peye akoz ou te sibi difikilte finansyè akoz COVID-19, ou ka gen pwoteksyon ki fè yo pa ka mete w deyò jiska 15 janvyè 2022. Pou w resevwa pwoteksyon dapre CEEFPA, ou dwe ranpli epi siyen yon deklarasyon sou difikilte, ki se yon dokiman k ap eksplike kòman ou te viv difikilte finansyè a. Apre ou fin ranpli deklarasyon sou difikilte a, ou ta dwe bay mèt kay ou lwe a deklarasyon sa a. Mèt kay ou an ka konteste deklarasyon difikilte ou an nan tribinal si mèt kay ou an kwè ou pa te pase difikilte epi reklamasyon difikilte ou an pa valid. Gen plis enfòmasyon sou EEFPA, ansanm ak yon fòmilè deklarasyon sou difikilte ke ou ka ranpli a, ki disponib sou sitwèb Biwo Administrasyon Tribinal la (Office of Court Administration) nan <https://www.nycourts.gov/eefpa/>.

Anplis de sa, Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) te pibliye yon nouvo òdonans tanporè ki kanpe tout pouswit pou mete lokatè deyò nan konte yo k ap sibi anpil monte oswa wo nivo transmisyon COVID-19 toupatou nan peyi a. Nouvo moratwa kont mete lokatè deyò CDC pibliye a anvigè 3 out 2021 epi l ap rete anvigè jiska 3 oktòb 2021. Pou yo ka pwoteje yo, lokatè yo dwe prepare yon deklarasyon sou difikilte y ap travèse a tou. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou nouvo moratwa kont mete lokatè deyò a ak ki enfòmasyon ou bezwen pou w ranpli deklarasyon an, tanpri gade nan <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/covid-eviction-declaration>.

Lè w fin aplike pou ERAP, yo pa kapab mete w deyò paske kontra lwaye w ekspire, oswa paske ou pa te peye lwaye w pandan pandemi COVID-19 la. Lè w soumèt aplikasyon ERAP ou a, yo ap ba w yon avi avèk yon nimewo aplikasyon. Ou ka monte mèt kay ou lwe a ak Tribinal la avi sa a, si mèt kay la kòmanse yon pwosè nan tribinal pou mete w deyò paske kontra lwaye w ekspire, ou se yon lokatè ki kontinye ap viv nan kay la pandan kontra lwaye w ekspire, oswa paske ou pa kapab peye lwaye ki t ap ka kalifye pou ERAP kouvri peman an.

Si yo detèmine w kalifye pou w resevwa èd ijans pou peye lwaye dapre ERAP, ou pral resevwa yon avi k ap endike ke yo apwouve w pwovizwaman pou w resevwa ERAP. Sa vle di ke ou te ranpli pòsyon pa w la nan aplikasyon an, men Mèt Kay ou lwe a potko soumèt dokiman yo oswa enfòmasyon ki nesèsè pou mèt kay ou lwe a ranpli aplikasyon w lan ak resevwa peman an. Lè yo apwouve w pwovizwaman pou w resevwa èd nan ERAP, yo pa kapab mete w deyò paske kontra lwaye w ekspire, oswa paske ou pa te peye lwaye w pandan pandemi COVID-19 la. Si mèt kay la kòmanse yon pwosè nan tribinal pou mete w deyò paske kontra lwaye w ekspire, ou se yon lokatè ki kontinye ap viv nan kay la pandan kontra lwaye w ekspire, oswa paske ou pa kapab peye lwaye ki t ap ka kalifye pou ERAP kouvri peman an, ou ta dwe montre Tribinal la avi apwobasyon pwovizwa w la. Menm si mèt kay ou lwe a pa soumèt dokiman yo oswa enfòmasyon ki nesèsè pou ranpli aplikasyon w lan, yo pa kapab mete w deyò pandan ane ki vini

apre dat apwobasyon pwovizwa w la, paske kontra lwaye w ekspire, oswa paske ou pa te peye lwaye w pandan pandemi COVID-19 la.

Lè mèl kay ou lwe a fin ranpli pòsyon pa li a nan aplikasyon ERAP ou a, epi yo apwouve aplikasyon w lan nèt, mèl kay ou lwe a pa kapab mete w deyò paske kontra lwaye w ekspire, oswa paske ou pa te peye lwaye w pandan pandemi COVID-19 la. Mèl kay ou lwe a dwe dakò ak modalite ki annapre la yo kòm yon kondisyon pou yo ka aksepte peman pou peye dèt lwaye yo:

- Peman ERAP la satisfè tout obligasyon lwaye lokatè a responsab pou l peye pou peryòd tan peman kouvri a.
- Pou l renonse a tout frè reta sou tout dèt lwaye ke peman ERAP la kouvri yo.
- Pou l pa ogmante kantite lajan lwaye a koute chak mwa plis pase kantite lajan yo dwe nan moman yo te ranpli aplikasyon pou èd ERAP la pou mwa ke yo te resevwa èd pou peye lwaye a ak pou ennan apati dat yo te resevwa peman ERAP la.
- Pou l pa mete moun nan fwaye yo te peye lajan ERAP la pou li a deyò akòz kontra lwaye a te ekspire oswa kite l kenbe lwaye a pandan ennan apati dat yo te resevwa peman ERAP la. Yo dwe fè yon eksepsyon pou egzijans sa a si bilding lan genyen kat inite oswa mwens epi mèl pwopriyete a oswa fanmi pwòch mèl pwopriyete a gen entasyon vin viv nan inite a touswit pou yo itilize l kòm yon kay prensipal.

## **2. Èske menm restriksyon kont ekspilsyon an aplike si m ap viv nan youn nan sèt kominote yo k ap jere pwòp pwogram asistans lwaye ijans li? \*\***

Wi. Nan 2 septanm 2021, restriksyon pou ekspilsyon yo ki te prevwa nan kad lwa ERAP Eta a aplike tou nan kominote ki te eli pou jere pwogram asistans lwaye ijans pa yo a. Sepandan, si ou te aplike pou yon pwogram asistans lwaye ijans nan kominote ou anvan 2 septanm 2021, epi mèl kay ou a te deja aksepte peman asistans lwaye ijans lan. ou ka pa gen menm pwoteksyon kont ekspilsyon.

## **3. Mwen te aplike pou ERAP men mèl kay mwen lwe a refize aksepte li. Èske yo ka mete m deyò pandan aplikasyon m lan rete annatant? \*\***

Depi ou te aplike pou ERAP, mèl kay ou lwe a pa kapab mete w deyò paske w pa peye lwaye pandan peryòd tan ki kouvri a sof si yo te detèmine ke w pa kalifye pou w resevwa èd ERAP.

## **4. Si mèl kay mwen lwe a refize bay enfòmasyon yo bezwen pou ranpli aplikasyon an oswa li refize aksepte lajan ERAP bay la, èske m toujou gen dwa pou m jwenn pwoteksyon yo? \*\***

Si w kalifye nan lòt fason pou w resevwa èd nan ERAP epi mèl kay ou lwe a refize bay enfòmasyon yo bezwen pou ranpli aplikasyon w lan, oswa li refize aksepte lajan yo bay la, y ap ba w yon lèt ke w ka montre tribinal la si mèl kay ou lwe a ta eseye mete w deyò.

Yo pa ka mete w deyò paske ou pa te rive peye lwaye pandan peryòd tan peman ERAP ke mèl kay ou lwe a te refize aksepte a t ap kouvri a, ki gen ladan peryòd ou dwe dèt lwaye yo t ap peye a, ansanm ak peryòd pou nenpòt èd pou peye lwaye evantyèl (alavni) ke yo t ap peye.

Anplis de sa, mèt kay la pa kapab resevwa yon jijman ki mande pou w peye l lajan nan yon tribinal lojman, tribinal sivil, oswa tribinal siprèm pou peryòd tan peman ERAP ke mèt kay la te refize aksepte a t ap kouvri a. *Sa a pral ba w yon defans pou nenpòt pwosè.*

Finalman, si mèt kay ou lwe a refize aksepte peman ERAP la yo, oswa si mèt kay ou lwe a aksepte peman ERAP la yo men li chanje modalite ak kondisyon rezidans ou, oswa li neglije fè reparasyon ki nesesè yo, yo ka rann li responsab pou diskriminasyon kont ou akòz sous revni lejitim ou. Ou ka kontakte Divizyon Dwa Moun (Division of Human Rights) Eta New York la, oswa, si w se yon rezidan Vil New York, Komisyon sou Dwa Moun (Commission on Human Rights) Vil New York la, si w kwè ke yo te diskrimine kont ou akòz ou kalifye pou w itilize ERAP.

## **5. Èske y ap bay ICE oswa otorite imigrasyon yo enfòmasyon m?**

Non, sof si lalwa Eta oswa federal mande pou fè sa.

## **Lòt**

### **1. Èske èd pou peye lwaye ak sèvis piblik mwen te resevwa nan ERAP la konte kòm revni lè y ap detèmine kalifikasyon m pou avantaj Èd Piblik oswa pou Pwogram Èd Nitrisyon Sipleman a?**

Non. Lajan yo peye onon fwaye w la p ap konte kòm revni pou zafè ki konsène Èd Piblik oswa SNAP. Pou moun k ap resevwa Èd Piblik yo, lè lajan ERAP yo ap peye pou lwaye yo alavni, peman ap kouvri diferans ant sibvansyon Èd Piblik la ak kantite lajan lwaye a koute pa mwa.

### **2. Èske èd pou peye lwaye ak sèvis piblik mwen te resevwa nan ERAP la konte kòm revni pou zafè taks lokatè yo?**

Non. Yo p ap konsidere èd yo bay lokatè yo nan ERAP la kòm revni ki taksab.

### **3. Èske m bezwen kontinye peye lwaye mwen?**

Wi. Ou kontinye responsab pou w peye lwaye w. Y ap peye mèt kay ou lwe a dèt lwaye ou dwe pou nenpòt mwa avan yo. Y ap peye mèt kay ou lwe a tou pou nenpòt peman lwaye alavni ke w kalifye pou w resevwa epi y ap konte l nan lwaye w pou mwa yo ke w poko peye oswa ou potko fin peye nèt.

### **4. Èske gen yon limit sou kantite lajan yo peye pou kouvri dèt lwaye lemwa yo?**

Non.

### **5. E si mwen te demenaje kite apatman m lan apre mwen te aplike pou èd ERAP la?**

Depi w demenaje kite apatman ou te mete nan aplikasyon w lan, ou pa kapab transfere èd ERAP pou peye lwaye a pou w al peye nouvo mèt kay ou lwe a.

~~Ou ka sèlman resevwa èd pou adrès kote w ap viv aktyèlman la.~~

### **6. Èske yo ka itilize ERAP pou peye lwaye alavni/potansyèl yo sèlman?**

Non. Pou yon fwaye kalifye pou ERAP, moun ki ladan l yo dwe gen risk vin tonbe sanzanbri oswa nan enstabilite lojman, ke yo ka demontre pa mwayen lwaye yo dwe nan dat 13 mas 2020 oswa apre.

### **7. Èske m ka jwenn aplikasyon ERAP la nan yon lòt lang ki pa Anglè?**

Wi, aplikasyon an ap disponib nan plizyè lang.

### **8. Èske m ta dwe sispann peye lwaye m touswit apre m fin soumèt aplikasyon m lan pou ERAP?**

Non, ou toujou dwe peye lwaye w. Si w ka peye tout oswa yon pòsyon nan lwaye w, ou ta dwe kontinye peye l jiskaske w resevwa avi ki di w ke yo te aksepte w nèt nan pwogram lan epi yo te voye yon peman lwaye bay mèt pwopriyete w la. Si w peye lwaye pou yon mwa ke pwogram sa a pral kouvri, mèt pwopriyete w la pral oblije ba w yon kredi pou lwaye ou dwe alavni pou konpanse pou peman sa a.

### **9. Kòman lokatè a pral konnen ke y ap peye lwaye a onon li?**

Y ap voye yon lèt atribisyon bay lokatè a ansanm ak mèt kay la k ap bay detay sou kantite lajan yo peye yo swa atravè imèl oswa kourye pa lapòs.

### **10. E si yon lokatè ak/oswa yon mèt kay pa gen aksè a entènèt?**

Tout kominote k ap patisipe yo ap fè anpil efò pou limite obstak aksè a entènèt yo, swa dirèkteman oswa pa mwayen patenarya ak òganizasyon kominotè yo. Anplis, sant apèl ERAP la pral disponib pou ede aplikan yo nan telefòn.

### **11. Èske n ap aksepte aplikasyon yo voye pa lapòs yo?**

Non. Si fwaye yo bezwen èd, tanpri swa ale nan yon òganizasyon kominotè oswa kontakte sant apèl ERAP la pou w ka aplike pou ERAP.

### **12. Èske pral gen materyèl piblisite pou ERAP k ap disponib pou ede enfòmè kominote mwen an sou pwogram lan?**

Wi. Kontinye tcheke sou [sitwèb OTDA a \(www.otda.ny.gov\)](http://www.otda.ny.gov) pou w jwenn plis enfòmasyon.

### **13. Èske yo te idantifye ki òganizasyon kominotè k ap ede nan kad efò sansibilizasyon yo ak pou ede lokatè yo ak mèt kay yo aplike pou ERAP?**

Wi. Tout kominote k ap patisipe yo ofri èd pou ranpli aplikasyon an oswa yo fè patenarya ak òganizasyon kominotè yo pou ede fè sansibilizasyon ak bay èd pou ranpli aplikasyon an. [Gade lis òganizasyon kominotè yo ki disponib pou ede lokatè yo ak mèt kay yo.](#)

### **14. Èske antite yo ap fè mèt kay yo ak/oswa lokatè yo peye pou ede yo ranpli aplikasyon ERAP la? \*\***

Òganizasyon kominotè yo pa ta dwe fè moun peye pou ede yo aplike pou Pwogram Èd Ijans pou peye Lwaye (ERAP) NYS la. Ou ka jwenn òganizasyon yo k ap bay èd sa a lè w al sou pajwèb [Help Applying for ERAP](#) (Ede Aplike pou ERAP) la. Epiou, OTDA ap bay tout rezidan Eta New York yo ki kalifye pou ERAP èd gratis pou yo ranpli aplikasyon an. Sèvis sa yo disponib pou mèt kay yo, lokatè yo, ak moun yo otorize aji onon yo. Aplikan yo ka kontakte Sant

Apèl la nan 844-NY1-RENT (844-691-7368). Pou moun ki pa tande byen yo, nimewo telefòn TTY la disponib nan 1-833-843-8829. [Ou ka pale avèk yon reprezantan tou.](#)

**15. Èske òganizasyon kominotè yo ki bay èd pou ranpli aplikasyon ERAP la ka verifye estati aplikasyon kliyan yo?**

Òganizasyon kominotè yo ki soumèt yon aplikasyon nan ERAP onon yon fwaye ta dwe rele Liy Dirèk ERAP la nan 844-NY1-RENT (844-691-7368) pou yo verifye estati aplikasyon an pou fwaye a.

**16. Mwen pa dwe dèt lwaye, men mwen te prete lajan nan men fanmi ak zanmi m yo pou m peye pou lwaye pandan pandemi an. Èske ERAP ap peye pou depans sa yo?**

Non. Pou yon fwaye kapab elijib pou ERAP, yo dwe gen dèt lwaye yo ki poko peye bay mèt kay la oswa konpayi jesyon pwopriyete a.

**17. Èske ERAP pral peye pou frè pou peye avoka lokatè yo ak/oswa mèt kay yo te angaje?**

Non

**18. E si gen yon dispit ant lokatè a ak mèt kay la sou kantite dèt lwaye yo dwe a?**

Pandan pwosesis revizyon an, y ap detèmine kalifikasyon aplikasyon yo epi kalkile kantite lajan peman yo dwe bay apati dokiman prèv ki akonpaye aplikasyon an.

**19. Èske mwen bezwen kreye yon kont pou m ka aplike pou ERAP?**

Non, li pa obligatwa pou w kreye yon kont pou w aplike pou ERAP. Toutfwa, lè ou kreye yon kont sa ap pèmèt ou jwenn aksè nan aplikasyon w lan.

**20. Kilè mwen ka soumèt yon aplikasyon pou ERAP?**

Yo ka soumèt aplikasyon yo kòmanse 1ye jen 2021 a 9am.

Peryòd aplikasyon an pral rete ouvè a mezi gen lajan ki rete disponib.

**21. A ki lè sitwèb la pral aksepte aplikasyon ERAP yo?**

Sitwèb la pral aksepte aplikasyon yo 24 sou vennkat kòmanse 1ye jen 2021 9am.

**22. Mwen pa gen yon adrès imel. Kòman mwen ka soumèt aplikasyon ERAP mwen yo?**

Ou pa bezwen kreye yon adrès imel pou w ka aplike pou ERAP. Ou kapab aplike dirèkteman sou [sitwèb ERAP](#).

Si ou bezwen yo fè yon aranjman rezonab oswa ou bezwen yo ede w aplike, ou ka rele Liy Dirèk ERAP la nan 1-844-NY1-RENT (1-844-691-7368).

**23. E si mwen pa gen aksè a yon òdinatè pou m aplike pou ERAP anliy? Èske m ka aplike pou ERAP nan telefòn?**

Yo ka soumèt aplikasyon pou ERAP yo pa mwayen elektwonik lè w itilize yon òdinatè, yon tablèt, oswa yon telefòn entèlijan. Moun ki pa gen aksè a yon òdinatè, yon tablèt, oswa yon telefòn entèlijan ka soumèt yon aplikasyon:

- Lè yo rele Liy Dirèk ERAP la nan 1-844-NY1-RENT (1-844-691-7368) pou yo jwenn èd pou ede yo ranpli yon aplikasyon nan telefòn.
- Lè yo kontakte yon òganizasyon lokal yo deziyen pou bay èd pou ranpli aplikasyon ERAP la. [Gade lis òganizasyon kominotè yo ki disponib pou ede lokatè yo ak mèt kay yo.](#)

**24. E si yon lokatè te ranpli aplikasyon an jan yo dwe fè l la, men mèt kay la pa te bay enfòmasyon li? E si yon mèt kay te ranpli aplikasyon an jan yo dwe fè l la, men lokatè a pa te bay enfòmasyon li?**

Ni lokatè a ni mèt kay la, yo toude dwe ranpli sèten pati presi nan aplikasyon ERAP la pou yo ka detèmine kalifikasyon yo ak kalkile kantite lajan lwaye yo pral peye mèt kay yo.

Si yon lokatè pa te kapab fè mèt kay yo lwe a bay enfòmasyon yo bezwen pou ranpli yon aplikasyon pou ERAP, yo ta dwe kontakte òganizasyon lokal yo deziyen pou bay èd pou ranpli aplikasyon an. [Gade lis òganizasyon kominotè yo ki disponib pou ede lokatè yo ak mèt kay yo.](#)

Lokatè yo ka rele Liy Asistans ERAP la tou pou yo jwenn enfòmasyon pou kontakte òganizasyon lokal yo a. Anplis de a, yo pral kontakte mèt kay yo omwen twa (3) fwa pou fè yo konnen ke yo bezwen enfòmasyon anplis baze sou imel/enfòmasyon kontak lokatè a te bay la.

Si yon mèt kay pa te kapab fè lokatè a bay enfòmasyon yo bezwen pou ranpli yon aplikasyon pou ERAP, yo ta dwe kontakte òganizasyon lokal yo deziyen pou bay èd pou ranpli aplikasyon an. [Gade lis òganizasyon kominotè yo ki disponib pou ede lokatè yo ak mèt kay yo.](#) Mèt kay yo ka rele Liy Dirèk ERAP la tou pou yo jwenn enfòmasyon pou kontakte òganizasyon lokal yo a.

**25. Kòman mwen ka jwenn enfòmasyon sou estati aplikasyon mwen an?**

Yon fwa yo fin soumèt yon aplikasyon pou ERAP, aplikan yo kapab swiv estati aplikasyon yo a nan swa konekte nan kont lokatè yo oswa nan klike sou [lyen](#) "Tcheke Estati Aplikasyon" (Check Application Status) sou sitwèb ERAP la.

**26. E si mwen gen pwoblèm konekte nan kont ERAP pou m ranpli aplikasyon oswa pou m verifiye estati li?**

Si ou rankontre pwoblèm pandan w ap konekte nan kont ERAP ou a, tanpri rele Liy Dirèk ERAP la nan 1-844-NY1-RENT (1-844-691-7368) pou w jwenn èd.

**27. Konbyen tan l ap pran avan yon mèt kay resevwa peman apre yo fin enfòm l ke yon lokatè kalifye pou èd pa mwayen ERAP?**

Yo atann ke y ap trete ka yo nan yon delè 4-6 semèn apati dat yo te soumèt yon aplikasyon konplè. Delè sa a ka varye baze sou nan ki pwen aplikasyon an konplè, lè toude lokatè a ak mèt kay la fin ranpli l, epi yo soumèt tout dokiman prèv kòrèk yo.

**28. Èske mwen ka korije aplikasyon m lan pandan peryòd aplikasyon an?**

Depi w fin soumèt aplikasyon w lan, ou p ap ka fè chanjman ladan l san w pa rele Liy Dirèk ERAP la nan 1-844-NY1-RENT (1-844-691-7368).

**29. Mwen pa gen aksè a entènèt lakay mwen, ki kote mwen ka al ranpli aplikasyon ERAP mwen an?**

Òganizasyon kominotè yo disponib pou ede moun ranpli aplikasyon ERAP yo. [Gade lis òganizasyon kominotè yo ki disponib pou ede lokatè yo ak mèl kay yo.](#) Ou ka rele tou nan 1-844-NY1-RENT (1-844-691-7368) pou w jwenn èd.

**30. E si mwen gen kesyon, kiyès mwen ta dwe kontakte?**

Tanpri rele 1-844-NY1-RENT (1-844-691-7368) pou w jwenn èd oswa pou w kontakte yon òganizasyon kominotè nan zòn ou an. [Gade lis òganizasyon kominotè yo ki disponib pou ede lokatè yo ak mèl kay yo.](#)

**31. Mwen te al sou sitwèb la epi mwen te kòmanse ranpli aplikasyon ERAP mwen an. Mwen te pèdi koneksyon entènèt nan mitan aplikasyon an. Kòman mwen ka retounen ladan?**

Si ou pa te resevwa yon imèl konfimasyon oswa notifikasyon kourye lapòs, ou pral bezwen kòmanse aplikasyon w lan ankò, antre nenpòt enfòmasyon ki pa te ko sovgade, ranpli ak soumèt aplikasyon an.

**32. Sitwèb la pa disponib epi mwen pa ka antre aplikasyon ERAP mwen an, kisa mwen dwe fè?**

Tanpri, reyeseye ankò apre kèk minit oswa rele Liy Dirèk ERAP la nan 1-844-NY1-RENT (1-844-691-7368) pou yo ede w ranpli yon aplikasyon.

**33. Èske yon lòt moun ka enskri pou mwen?**

Wi, ou ka fè yon zanmi, manm fanmi oswa yon CBO ede w ranpli aplikasyon an, men ou dwe sètifye ke tout enfòmasyon y ap bay yo (dat nesans, revni, elatriye) vrè epi ou dwe siyen aplikasyon an.

Ou pral bezwen mete non, nimewo telefòn ak adrès imel moun ki ede w ranpli aplikasyon an.

**34. Si timoun mwen yo ap viv avèk mwen epi yo gen 18 tan oswa pi gran, èske m bezwen antre revni yo nan aplikasyon an?**

Wi, yo konte revni tout adilt ki nan fwaye a ki gen plis pase 18 lane eksepte revni elèv aprentan ki kalifye pou yo reklame yo kòm depandan dapre règleman IRS yo.

**35. Kòman mwen ka mande fè yon aranjman rezonab akoz andikap?**

Tanpri di nou si ou bezwen nou fè yon aranjman rezonab pou aplike pou ERAP. Egzanp aranjman rezonab ki disponib yo gen ladan: èd lè w ap aplike pou ERAP, bay dokiman yo nan yon lòt fòm ki gen ladan: bray, fichye odyo (CD), fòm done (fichye ki aksesib pa mwayen lektè ekran sou CD) ak gwo karaktè (polis karaktè 18 pwen) jan yo mande, oswa kominikasyon pa mwayen relè TTY yo.

Tanpri, rele Liy Dirèk ERAP la nan 1-844-NY1-RENT (1-844-691-7368) pou w konnen aranjman rezonab ki disponib yo. Si ou pa tande byen, gen yon nimewo telefòn TTY ki disponib lè w rele 1-833-843-8829.

### **36. Mwen pa pale Anglè oswa mwen pa pale Anglè byen ase pou m ranpli aplikasyon ERAP la. Èske m ka jwenn aplikasyon an nan yon lòt lang?**

Wi, aplikasyon ERAP la disponib nan plizyè lang pa mwayen pòtay anliy lan.

- Aplikasyon yo disponib anliy nan lang: Arab, Bengali, Chinwa (tradisyonèl), Kreyòl Ayisyen, Koreyen, Ris, Panyòl, ak Yidich.
- Èd pou ranpli aplikasyon an disponib nan plizyè lang tou nan 1-844-NY1-RENT (1-844-691-7368).

### **37. Èske gen èd pou peye lwaye ki disponib pou moun ki manm Tribi yo ak sila yo ki pa manm Tribi k ap viv sou tèren Tribi yo?**

Wi. Kèk nasyon Tribi te resevwa pwòp finansman ERAP pa yo. W ap jwenn yon lis nasyon Tribi ki te resevwa pwòp finansman ERAP pa yo, disponib nan lyen ki annapre la:

<https://home.treasury.gov/system/files/136/Payments-to-Tribes-and-TDHEs.pdf>. Èd sa disponib pou manm Tribi k ap viv alafwa anndan ak deyò tèren Tribi yo. Anplis de sa, moun ki pa manm Tribi k ap viv sou tèren Tribi yo ka resevwa èd. Moun k ap viv anndan ak deyò tèren Tribi yo ka aplike pou pwogram ERAP la tou kote y ap viv la.

## **Aksè nan Sistèm lan**

### **1. Mwen pa gen yon òdinatè. Èske gen yon lòt fason mwen ka aplike?**

Tanpri kontakte sant apèl la nan 844-NY1-RENT pou w soumèt yon aplikasyon nan telefòn oswa pou w mande yon lis òganizasyon kominotè ki ka ede w soumèt yon aplikasyon.

### **2. Ki kote m ka jwenn plis enfòmasyon?**

Tanpri, vizite <https://otda.ny.gov/programs/Emergency-Rental-Assistance/> pou w jwenn plis enfòmasyon.

### **3. Èske swa lokatè a oswa mèt kay la ka kòmanse oswa soumèt aplikasyon an?**

Wi – Swa yon lokatè a oswa yon mèt pwopriyete/mèt kay ka kòmanse yon aplikasyon, men se sèlman lokatè a ki ka siyen ak soumèt aplikasyon an.

### **4. Èske y ap voye peman ban mwen oswa bay mèt kay m lwe a?**

Y ap voye peman yo dirèkteman bay mèt kay yo.